



Aplikasyon Dispans pou Rezon Difikilte

Enstriksyon

Fòm sa a se pou fanmi ki vle aplike pou yon **Hardship Waiver**. Yon Hardship Waiver bay aksè a fanmi ki genyen sèten risk lasante ak sekirite pou yo rete nanabri a pou yon lòt 35 jou anplis.

Ou ka kalifye pou Dispans Difikilte a si fanmi w gen sèten kondisyon medikal/maladi oswa risk. Nou poze w kesyon sa yo pou n ka gade si w kalifye.

Kiyès ki ka aplike Hardship Waiver?

Se Pa tout moun ki kalifye pou yon Hardship Waiver. Itilize kesyon sa yo pou w ka konnen si w kalifye.

Eske yo deja di w ki dat lojman w nanabri a ap fini?

☐ WI

☐ NoN

Sa vle di ou te resevwa yon avètisman 100, oswa yon dat lojman w nanabri a ap fini ki ekri nan lèt plasman w la.

Èske gen kèk nan deklarasyon sa yo ki relye avè w?

☐ WI

☐ NoN

- Mwen gen yon timoun ki pral gen 5 an oswa pi piti nan dat lojman m nanabri a ap fini.
- Gen yon moun nan fanmi mwen se yon veteran.
- Gen yon moun nan fanmi mwen ki ansent epi ki an gwo risk.
- Gen yon moun nan fanmi mwen ki gen yon andikap ki dokimante*.
- Fanmi mwen an risk pou sibi bagav ki mal akòz de vvolans domestik.

Si w te tcheke WI pou nenpòt nan kesyon anle yo, ou ka kalifye, epi ou dwe ranpli fòm sa a.

Si w te tcheke NON pou tout kesyon yo, ou pa kalifye epi ou pa dwe ranpli fòm sa a.

Kilè mwen ka aplike pou yon Hardship Waiver?

Ou dwe soumèt aplikasyon an sou mwa 5 (ant sou 120 jou ak 150 jou) nan jou sejou lojman w nanabri a. N ap voye yon imèl ba ou pou raple w lè moman aplikasyon pou dispans pou difikilte a ouvri bay fanmi ou ak yon lòt rapèl anvan moman aplikasyon an fèmen. Y ap aksepte aplikasyon ki an reta sèlman si gen yon bon kòz ki dokimante.

Kisa ki rive lè mwen ranpli fom sa a voye ale?

N ap revize fom nan pou n gade si w ka kalifye pou yon Hardship Waiver.

- Aplikasyon w lan ka *tèmine* san okenn konsiderasyon si:
 - Repons ou bay nan aplikasyon an moutre ou pa ranpli kritè pou kalifikasyon an.
 - Aplikasyon w la ale an reta san oken bon jan kòz ki dokimante.
- Aplikasyon w lan ka *refize* si enfòmasyon ki sou aplikasyon w la moutre ou pa kalifye.
- Aplikasyon w la ka apwouve si enfòmasyon ki sou aplikasyon w la moutre ou kalifye.
- Si n bezwen plis enfòmasyon pou n evalye kalifikasyon w, nou ka:
 - Kontakte w pou n pwograme yon evalyasyon ak yon medsen pou ou.
 - Kontakte w pa Depatman Asistans Tranzisyonèl (DTA) pou n poze w kesyon anplis sou fanmi w.
 - Kontakte w pou n poze w kesyon anplis oswa plis dokiman.



Ki kote mwen dwe depoze fòm sa a?

Ou dwe voye ale/depoze aplikasyon w la atravè Zouti pou w Atache Dokiman sou Aplikasyon Hardship Waiver a. Ou dwe atache dokiman ki sipòte aplikasyon w la nan aplikasyon w la sou Aplikasyon Hardship Waiver a nan Zouti ki make Atache **Application**.

1. Ale nan **Hardship Waiver Upload Tool** sou

<https://applyhousinghelp.mass.gov/s/hardshipcasesearch>

2. Bay **Siyati w** ak **Nimewo Dosye Fanmilyal la**.

3. Klike opsyon "Next" (Suivan).

4. Klike "Upload Documents" (Atache Dokiman) oswa drage l ak souri a epi depze dokiman an pou l ka atache nan fòm aplikasyon an ansanm ak lòt dokiman ki ka sipòte aplikasyon w la.

5. Klike "Done" (Fini).



If you don't know your **Family Case Number**, ask your EA Shelter Provider to help you find it.



Tanpri, asire w ou atache aplikasyon sa a sou Zouti aplikasyon Dispans Difikilte a. PA voye aplikasyon Dispans Difikilte ou a pa imèl bay EOHLC. Sa se pou n ka pwoteje enfòmasyon prive w ki sansib!

Tanpri, reponn tout kesyon ki sou aplikasyon sa a ak verite (san manti) epi a presizyon. Si w pa konplete tout fòm sa ka lakòz reta oswa yo refize aplikasyon w la.

Enfòmasyon Fanmilyal

Nou bezwen kèk enfòmasyon debaz sou fanmi w pou n avanse ak aplikasyon w la.

Tanpri, banou kèk detay sou fanmi w.

Non Moun ki an Chèf Kay la

Nimewo Dosye Fanmilyal la

Dat Nesans Moun ki an Chèf Kay la

MWA

JOU

ANE

Adrès kote Asistans Abri an ljan la

Nimewo Telefòn

Imèl



 **Atravè aplikasyon sa a, n ap mete senbòl sa a chak kote ki obligatwa pou voye yon dokiman.
Nou pa ka kontinye ak aplikasyon an si w pa voye yon dokiman ki obligatwa.**

Mwens pase 6 zan

Èske w gen yon timoun ki pral gen 5 an oswa mwens pase sa nan dat dèlè yo ba w nanabri a?

☐ Wi ☐ Non

Estat Veteran

Èske gen moun nan kay la ki se yon veteran(moun nan dwe avèw nanabri a)
definisyon veteran

sou [https://www.mass.gov/info-
details/eligibility-and-service-requirements](https://www.mass.gov/info-details/eligibility-and-service-requirements)

☐ Wi ☐ Non

Si wi, èske gen nan fanmi w ki enskri nan sèis ki la pou ede veteran yo?

☐ Wi ☐ Non ☐ Pa Aplikab

Gwosès ki an Gwo Risk

 Èske oumenm oswa yon moun nan fanmi gen yon gwosès ki an gwo risiko?

☐ Wi ☐ Non

Tanpri atache yon lèt oswa dokiman yon medsen te ba w ki konfime ke w ansent ak dat akouchman w. Ou pa bezwen soumèt okenn lòt enfòmasyon sou gwosès ou a.

Ou **pa** dwe atache okenn lòt dokiman medikal, eksepte papye pou konfimasyon gwosès la. Enfimye yo ap jere nenpòt chèk medikal ki nesè.

Dezabilite/andikap

Èske gen moun nan fanmi w ki gen yon dezabilite entèlektiyèl oswa Dezabilite Devlopmanal DPH rekonèt?

☐ Wi ☐ Non

Èske gen moun nan fanmi w ki gen yon dezabilite DTA rekonèt ?

☐ Wi ☐ Non

Èske gen moun nan fanmi w k ap resevwa benefis SSI oswa SSDI ?

☐ Yes ☐ No

Evalyasyon Klinikal

Si w bezwen yon evalyasyon medikal pou verifiye kalifikasyon w, ou ka chwazi kijan pou w konplete li.

Tanpri tcheke bwat ki akote opsyon ou chwazi a.

Option A rekomandab paske majorite fanmi yo trouve li se pi bon opsyon an.

☐ **Opsyon A: ** Rekòmande ****
Fè yon enfimye nan Depatman Lasante Piblik la (DPH) rele m pou konplete evalyasyon m nan vityèlman.

☐ **Opsyon B**
Ale an peson nan lokal yo fè evalyasyon an (nan Revere) pou m fè yon enfimye konplete evalyasyon m .

☐ **Opsyon C**
Fè DPH kolabore ak medsen mwen an pou voye ale enfòmasyon nesè pou konfime kalifikasyon m. **Se medsen w la bay reta, sa ka lakoz yo refize Hardship Waiver.**

Kontak Medsen an

Si w te chwazi **Opsyon C** a pami opsyon evalyasyon klinikal la, tanpri bay kontak enfòmasyon yo anba a.

Non: _____

Nimewo Telefòn: _____

Le w bay enfòmasyon sa a, ou bay DPH pèmasyon/konsantman w pou kontakte medsen w la pou ou



Domestic Violence Risk

Ou ka kalifye pou yon Hardship Waiver si fanmi w an risk pou sibi yon mal akòz de vyolans domestik. Kesyon sa yo baze plis sou sitiyasyon w pou n ka detèmine si w an risk. Ou pa oblije te fè yon rapò lapolis pou w kalifye pou yon Hardship Waiver

Kisa Vyolans Domestik ye?

Vyolans domestik se lè yon moun fè w mal/blese w oswa menase yon lòt moun li nan yon relasyon pwoch avè l. Vyolans domestik (DV) kapab fizik, vèbal, emosyonèl, ekonomik oswa seksyèl. Si w ap sibi vyolans domestik, gen moun ki ka ede w. Ale nan mass.gov/info-details/domestic-violence-programs-for-survivors pou w jwenn èd lokal. Founise Abri EA ou genyen an ka ede w tou.

Kèk kesyon ki nan seksyon sa a egzije pou w bay dokiman ki sipote sa w di a.

Tanpri, depoze youn (1) oswa an konbinezon ak sa yo:

- Dosye tribinal, medikal, kriminel, sèvis pwoteksyon timoun, sikolojik, lapolis oswa papye lekòl ki gen detay sou vyolans domestik la.
- Dokiman ki montre ke ou te jwenn yon lòd pwoteksyon oswa ou te pran lòt mezi legal pou mete fen nan vyolans domestik la.
- Prè ke ou te chèche sekirite nan yon abri pou vyolans domestik oswa yon refij menm jan an.
- Dokimantasyon sou blesi tankou dosye medikal oswa foto.
- Si ou pa kapab jwenn dokiman ki nesesè yo, oswa si dokiman yo soumèt yo pa konklizyon pou pwouve vyolans domestik ki sot pase a oswa aktyèl, soumèt yon deklarasyon sou sèman ou menm ak omwen yon lòt moun ki gen konesans sou sikonstans yo ki detaye espesifikman yon istwa vyolans domestik, vyòl oswa ensès ak lòt reyalite ki sipòte aplikasyon w lan.

Note: Yon deklarasyon asèman se yon deklarasyon yon moun sou reyalite sou yon sitiyasyon. Dokiman an konsidere kòm yon sèman pa moun ki te ekri l la, sa enkli tou, ou konprann deklarasyon ki gen fo enfòmasyon se yon krim.

Deklarasyon an dwe enkli:

- Non, adrès, ak nimewo telefòn oswa adrès imel moun ki ekri deklarasyon an.
- Non w, oswa non aplikan Hardship Waiver
- Dat deklarasyon an fèt.
- Yon deklarasyon detaye sou vyolans domestik ou te fè eksperyans oswa w ap sibi a.



Risk Vyolans Domestik

Èske aktyèlman la fanmi w ap sibi vyolans domestik, oswa èske fanmi w te sibi vyolans domestik pandan 9 mwa ki sot pase yo la? ☐ Wi ☐ Non

Èske fanmi w ap kolabore ansanm ak Inite Vyolans Domestik la DTA pou ede w ak enkyetid sou dènye vyolans domestik sa yo? ☐ Wi ☐ Non

 Èske fanmi w ap kolabore ak yon espesyalis oganizasyon sou vyolans domestik pou ede w ak dènye vyolans domestik sa yo? **Si wi, tanpri, atache yon dokiman ki pwouve sa.** ☐ Wi ☐ Non

 Èske w te fe yon rapo lapolis sou ensidan vyolans domestik sa? **Si wi, atache yon kopi dokiman an nan aplikasyon w la.** ☐ Wi ☐ Non

 Èske w genyen, oubyen èske w te aplike lòd restriksyon kont abizè a. **Si wi, atache yon kopi dokiman an nan aplikasyon w la.** ☐ Wi ☐ Non

 Èske w gen yon plan sekirite kont vyolans domestik? **Si wi, atache yon kopi dokiman an nan aplikasyon w la.** ☐ Wi ☐ Non



Tanpri, sonje li obligatwa pou w atache yon dokiman nan tout seksyon ki anwo a.



Aplikasyon an Reta



Si w ap depoze yon aplikasyon mwens pase 30 jou avan dat pou soti a rive, ou dwe ranpli seksyon sa a, sinon sote l, ale nan paj 7 la.

Seksyon sa a egzije pou w bay dokiman. Ou dwe atache dokiman ak aplikasyon w lan pou sipòte rezon ki fè w voye aplikasyon w la an reta.

N ap aksepte yon aplikasyon ki an reta nan kek ka ki ra. Pa egzanp:

- Fanmi w genyen yon nouvo risk sante oswa sekirite ki fè w kalifye pou yon Hardship Waiver Pa egzanp, yon moun nan fanmi w fèk devlope yon nouvo kondisyon sante/maladi.
- Fanmi w te gen yon kriz oswa yon ijans ki te mande atansyon w imedyatman epi sa te anpeche w voye aplikasyon w la alè. Men kèk egzanp ijans yo: Serious illness or injury requiring treatment or hospitalization.
 - Lanmò yon manm fanmi.
 - Lè w viktim yon krim.
 - Lòt ijans ki pa sou kontwòl ou.
 - **An Anglè, tanpri rakonte rezon ki lakoz ou voye aplikasyon w la anreta.** Si w bezwen èd pou w ka ekri an Anglè, tanpri kontakte moun ki sou dosye w la na Abri EA a pou ede w.



Konfimasyon ak Siyati



Tanpri, asir w ou te voye ale tout dokiman yo. Retounen epi verifye tout kesyon yo ak kote ki gen ikonn ki egzije yon dokiman.

Tanpri, atache nenpòt dokiman ou genyen kòm prèv pou sipòte aplikasyon w la.

Mwen konfime enfòmasyon sa yo konplè epi egzak nan moman mwen te ranpli Aplikasyon pou Difikilte a epi mwen konprann se yon krim li ye pou m bay fo enfòmasyon volontèman. Mwen bay Biwo Egzekitif pou Lojman ak Kominote Abitan (EOHLC) a otorizasyon pou kontakte lòt ajans leta konsènan aplikasyon mwen an.

Siyati

Dat

MWA

JOU

ANE